

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun struktur jeung ajén moral dina rumpaka 17 pupuh karya Atik Soepandi pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA kelas X. Aya tilu analisis nu bisa dicindekkeun dina ieu panalungtikan, nya éta struktur dina rumpaka 17 pupuh karya Atik Soepandi, ajén moral dina rumpaka 17 pupuh karya Atik Soepandi, jeung bahan ajar aprésiasi sastra (guguritan).

Struktur dina rumpaka 17 pupuh karya Atik Soepandi nyoko kana konsep Abdullah Mustappa, nu ngawengku imaji, simbol, musikalitas, suasana, téma, jeung gaya basa. Aya 3 **imaji** anu kapanggih dina dina rumpaka 17 pupuh karya Atik Soepandi, nya éta imaji “karasa”, “katénjo”, jeung “kadéngé”. Aya 12 **simbol** anu kapanggih dina rumpaka 17 pupuh karya Atik Soepandi, nya éta simbol kasedih, simbol sasatoan, simbol atikan, simbol pangéling, simbol panggeuing, simbol pikawatireun, simbol kabingung, simbol piwulang, simbol nasionalisme, simbol agama, simbol budaya, sarta simbol karusakan alam. Aya 3 **musikalitas** anu kapanggih dina rumpaka 17 pupuh karya Atik Soepandi. Musikalitas aya patalina jeung suasana. Suasana anu pikasediheun karasa dina pupuh Asmarandana, Gurisa, Kinanti, Maskumambang, jeung Pucung. Ku lantaran kitu, éta pupuh diwangun ku irama anu anca, sabab rasa sedih moal mungkin diwangun ku musik anu ramé jeung gancang. Patali jeung soal nada, rumpaka dina éta pupuh ngagunakeun nada anu teu tarik teuing, tapi teu handap teuing ogé. Suasana anu pikabungaheun karasa dina pupuh Balakbak. Ku lantaran kitu, pupuh Balakbak diwangun ku irama anu gancang, sabab rasa bungah moal mungkin diwangun ku irama anu alon. Patali jeung soal nada, rumpaka dina pupuh Balakbak ngagunakeun nada anu tarik jeung pinuh ku rasa suka bungah. Suasana hidmat karasa dina pupuh Dangdanggula, Durma, Gambuh, Jurudemung, Ladrang, Lambang, Magatru, Mijil, Pangkur, Sinom, jeung Wirangrong. Ku lantaran kitu, éta pupuh diwangun ku irama anu semu alon, teu gancang teuing,

sabab suasana hidmat béda jeung pikasediheun ogé pikabungaheun, anu diwangun ku irama nu alon jeung gancang. Patali jeung sual nada, rumpaka dina éta pupuh ngagunakeun nada anu teu tarik teuing. Aya 3 **suasana** anu kapanggih dina rumpaka 17 pupuh karya Atik Soepandi, nya éta pikasediheun, pikabungaheun, jeung hidmat. Aya 11 **téma** nu kapanggih dina rumpaka 17 pupuh karya Atik Soepandi, nya éta kasedih, sasatoan, atikan, pangéling, panggeuing, kabingung, piwulang, nasionalisme, agama, budaya, sarta alam. Aya 8 **gaya basa** nu kapanggih dina rumpaka 17 pupuh karya Atik Soepandi, nya éta gaya basa ngupamakeun (*simile*), gaya basa rarahulan/kaleuleuwihi, gaya basa rautan, gaya basa kahanan, gaya basa mijalma (personifikasi), gaya basa raguman (*sinékdok*) tunggalan (*pars pro toto*), gaya basa raguman (*sinékdok*) turunan (*totem pro parte*), sarta gaya basa lalandian (*metafora*).

Kapanggih genep ajén moral dina rumpaka 17 pupuh karya Atik Soepandi, nya éta moral manusa ka Gustina, moral manusa ka diri pribadina, moral manusa ka manusa séjénna, moral manusa ka alam, moral manusa kana waktu, jeung moral manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniahna. Tina genep ajén moral nu nyangkaruk dina rumpaka 17 pupuh karya Atik Soepandi, kapanggih tujuh belas sikep moral manusa. Moral manusa ka Gustina kabagi kana tilu sikep nu nuduhkeun ajén moral manusa ka Gustina, nya éta (1) éling ka Gustina, (2) ihtiar, jeung (3) iman jeung inget ka Gusti. Moral manusa ka diri pribadina kabagi kana salapan sikep nu nuduhkeun ajén moral manusa ka diri pribadina, nya éta (1) teu junun diajar, (2) teu kendat dina diajar, (3) adigung, (4) teu boga pamadegan, (5) teu sosoan-sosoan diajar, (6) tulatén, (7) teu ngamumulé seni talari, (8) bageur, pinter, jeung singer, sarta (9) melid diajar. Micinta kana lemah cai mangrupa hiji sikep anu hadé nu kaasup moral manusa ka manusa séjénna. Ngarusak alam mangrupa hiji sikep anu goréng manusa ka alam. Poho kana waktu mangrupa hiji sikep anu goréng manusa kana waktu. Moral manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniahna kabagi kana dua sikep nu nuduhkeun éta moral, nya éta (1) resep asup ka kebon binatang, jeung (2) meuseuh diri.

Dumasar kana kritéria milih jeung nangtukeun bahan pangajaran, bisa dicindekkeun yén rumpaka 17 pupuh karya Atik Soepandi representatif pikeun

bahan pangajaran aprésiasi sastra di kelas X SMA, nu salah sahiji tujuanna nya éta pikeun ngawangun karakter siswa nu miboga moral jeung sikep anu hadé.

## **5.2 Implikasi jeung Rékoméndasi**

Hiji panalungtikan tangtuna teu leupas ti nu ngarana kaonjoyan jeung kahéngkéran. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga kahéngkéran dina sababaraha aspék, tapi tetep miharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa mawa kana kahadéan, utamana dina nambahan pangaweruh jeung kamekaran ranah analisis kasusastraan. Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban paélman ajén moral dina karya sastra, utamana dina pupuh atawa guguritan, sarta bisa jadi référénsi pikeun bahan pangajaran. Ku kituna, aya sababaraha rékoméndasi pikeun sababaraha pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, di antarana: 1) panalungtik satuluyna, 2) guru, jeung 3) masarakat.

Pikeun panalungtik satuluyna, perlu dianalisis deui ngeunaan aspék séjén dina rumpaka 17 pupuh karya Atik Soepandi, sangkan pangaweruh dina ieu pupuh bisa leuwih ngajembaran jeung loba mangpaatna. Pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi référénsi pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di sakola. Pikeun masarakat umum, ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngahudangkeun karep pikeun mikawanoh kana karya sastra Sunda, utamana karya sastra buhun nya éta pupuh. Anu pamungkas, dipiharep masarakat bisa nyonto sikep moral anu hadé anu aya dina rumpaka 17 pupuh karya Atik Soepandi, sangkan teu kabawa sakaba-kaba.